

# BAB I

## BUBUKA

### I.I Kasang Tukang Masalah

Sastra mangrupa hasil kabudayaan réka cipta manusa sakaligus institusi sosial, anu gelar dina médium basa, sarta mintonkeun rupa-rupa kahirupan manusa jeung kaayaan alam. Dina karya sastra lolobana nu kagambar tina kahirupan téh nya éta nu idéntik jeung kanyataan sosial. Sok sanajan kitu, ku sabab ari karya sastra mah sipatna fiksi atawa rékanaan, jadi dina enas-enasna naon-naon nu nyangkaruk dina karya sastra bisa jadi hasil pangalaman kahirupan manusa atawa pribadi pangarangna sorangan nu saenyana, tapi bisa ogé ngan saukur rékaan dina harti karangan penulis wungkul. Ieu hal luyu jeung pamadegan ti sawatara para ahli nu nétélakeun:

*“Sastra merupakan hasil kebudayaan sekaligus institusi sosial yang memakai médium bahasa, (Luxemburg, 1989:21).”*

*“Sastra menyajikan “kehidupan” dan “kehidupan” sebagian besar terdiri dari kenyataan sosial, walaupun karya sastra juga “meniru” alam dan dunia, akan tetapi keberadaan sastra tidak terlepas dari kebudayaan patriarkhi, sehingga dunia sastra merupakan sebuah dunia literer yang di kuasai laki-laki (Sugihastuti, 2002:39).”*

Aya sawatara hal nu ngabédakeun karya sastra jeung karya tulis séjéna, salah sahijina nya éta dina karya sastra aya niléy éstétis, basa dina sastra di paké pakakas atawa media pikeun ngahontal ajén-inajén éstétis. Ditegeskeun ku Suhendar (1993:3) yén sastra téh éksprési pribadi manusa nu mangrupa pangalaman, hasil mikir, rasa,

ide, sumanget, kayakinan dina wangun gambaran konkrit nu nimbulkeun pikatajieun, kalawan basa minangka alatna.

Ku kituna, sastra Sunda bisa dicindekkeun mangrupa hasil kréativitas seni tina éksprési pribadi manusa minangka pangalaman kabudayaan dina wangun gambaran kongkrit kalawan gelar dina basa Sunda, boh lisan, boh tulisan.

Usaha pikeun nalungtik sastra, hususna nu nalungtik ngeunaan kawanojaan nya éta ku jalan ditalungtik maké élmu kritik sastra feminis. Sakumaha anu diébréhkeun ku Ratna (2003:188) yén kritik sastra féminis nalungtik sastra ti mimiti tulisan pangarang, wanoja jaman baheula, bédana tulisan awéwé jeung lalaki, kajian tokoh wanoja dina karya sastra, tradisi literér wanoja, pangarang wanoja. Ciri-ciri has basa wanoja, tokoh-tokoh wanoja, novel populer jeung wanoja. *Jurnal Perempuan* Edisi 30 (2003 :133) nétélakeun yén pusat perhatian utama kritik sastra féminis nya éta karakteristik wanoja dina karya sastra. Sok sanajan kitu, sakumaha nu di tétélakeun ku Aisyah (Pikiran Rakyat 8 Maret 2004) yén kritik sastra féminis dipaké pikeun nalungtik karakteristik wanoja teu kawatesanan ku karya penulis wanoja kualitas sosial wungkul, tapi ogé diterapkeun dina karya lalaki pikeun ningali kumaha lalaki nganiléy karakteristik wanoja dina carita rékaanana.

Umumna, karya sastra anu midangkeun tokoh wanoja bisa ditalungtik dina segi féminisme (Djayanegara, 2000:51). Boh prosa, boh puisi, umumna bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan féminisme, asal aya tokoh wanoja dina jero éta karya.

Pamarekan kritik sastra féminis bisa matalikeun gambaran karakteristik wanoja dina novel jeung masarakat atawa réaliatas sosial, sarta pikeun mikanyaho kumaha novel bisa ngagambarkeun ngeunaan karakteristik wanoja nu aya dina situasi zaman jeung kaayaan masarakat nu tangtu. Satuluyna, pamarekan kritik sastra féminis bisa ngabantu pikeun mikanyaho karakteristik wanoja nu aya dina novel.

Anu jadi dasar pamikiran panalungtikan sastra ngagunakeun pamarekan féminisme nya éta, ayana upaya pamahaman kana kalungguhan jeung peran wanoja dina karya sastra (Edraswara, 2003:146). Ku kituna, anu jadi puseur panalungtikana téh ngawengku peran jeung kalungguhan wanoja dina karya sastra.

Panalungtik maca novel nu eusina nyaritakeun ngeunaan kahirupan wanoja nya éta novel *Kembang-kembang Petingan* karangan Holisoh M É. *Kembang-kembang Petingan* bisa di hartikeun “kembang” nurutkeun Kamus Lengkep Sunda-Indonésia meunang Budi Rahayu Tamsyah, spk. Hartina meunang milih nu aralusna, pinilih. Jadi, bisa dicindekeun yén *Kembang-kembang Petingan* nya éta wanoja geulis pinilih, umurna ngora, nu digarawé ti peuting pikeun meunangkeun duit kujalan ngajual diri alias jadi PSK.

Dumasar kana kasang tukang kahirupan wanoja dina éta novel, panalungtik ngarasa kataji pikeun nalungtik éta novel, ku jalan ngagunakeun pamarekan kritik sastra féminis kalayan judul “Karakteristik Wanoja dina Novel *Kembang-kembang Petingan* Karangan Holisoh M,É. (Tilikan Féminis)”. Panalungtik milih ieu novel ku sabab eusina ngandung ajén inajén karakteristik wanoja anu medar ngeunaan hadé

goréng tingkah laku wanoja sok sanajan dina enas-enasna ieu novel leuwih medar perkara karakteristik goréngna wungkul.

Nepi ka kiwari panalungtikan ngeunaan kalungguhan wanoja dina sastra Sunda masih kénéh langka. Aya sajumlah hasil panalungtikan ngeunaan kalungguhan wanoja, anu kacatet ti mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS-UPI, dina wangun skripsi:

1. Anggi Rémainatatit. 2002. “Visi jeung Misi Tokoh Wanoja Sunda dina Antologi Carita Pondok *Guriang Tujuh* karangan Sastrawati Sunda Patrem (Analisis Struktural–Semiotik)”;
2. Suwastuti. 2002. “Visi jeung Misi Wanoja Sunda dina Novel *Galuring Gending* karangan Tatang Sumarsono (Analisis Struktural-Semiotik)”;
3. Ellys Kania Damayanti. 2002. “Visi jeung Misi Tokoh Wanoja Sunda dina Novel *Carios Agan Permas* karya Joehana (Analisis Struktural–Semiotik)”;
4. Siti Saribanon Nurjanah. 2004. “Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karangan Tini Kartini”;
5. Munisa Ambarina. 2004. “Unsur-unsur Feminis dina Novél *Kembang-kembang Petingan* karangan Holisoh.M.É”.

Skripsi beunang Anggi Rémainatatit, Suwastuti, jeung Ellys Kania Damayanti, eusina medar perkara visi jeung misi wanoja Sunda dumasar analisis struktural-semiotik. Skripsi beunang Siti Saribanon Nurjanah medar perkara karakteristik tokoh dina kumpulan carpon, sedengkeun Munisa Ambarina medar

perkara unsur-unsur féminis dina novel. Salian ti nu disebutkeun di luhur tumali jeung karakteristik panalungtikan saméméhna, geus aya anu medar masalah karakteristik wanoja, diantaranya Tia Agustiani nalungtik *Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carita Pondok Mirah Dalima* karangan Kis WS (2002), Iwan Hernawan nalungtik *Kalungguhan jeung Karakter Wanoja dina Novel Sunda Jaman Kiwari. Disawang tina kapribadiana urang Sunda* (1995),

Salian ti éta, aya tésis anu medar perkara féminisme dina sastra Sunda, nya éta *Suara Perempuan Dalam Novel Sunda Puputon 'Buah Hati' Karya Aam Amilia: Kajian Féminisme*. Ieu tésis disusun ku salah saurang mahasiswa Program Pascasarjana Universitas Gadjah Mada, nya éta Rétty Isnéndés, taun 2004.

Anapon kitu, pikeun meunangkeun gambaran anu tétéla ngeunaan karakteristik wanoja, panalungtik ngarasa perlu pikeun nalungtik karakteristik wanoja ngagunakeun pamarekan kritik sastra féminis kalayan judul *Karakteristik Wanoja dina Novel Kembang-kembang Petingan* karangan Holisoh M.É. (*Tilikan Féminis*). Anu jadi alesan nalungtik éta judul nya éta pikeun mikanyaho kumaha karakteristik wanoja nu aya dina novel *Kembang-kembang Petingan*, kalayan dipiharep bisa méré kontribusi kana pangajaran di sakola, salah sahijina siswa bisa mikanyaho kumaha cara nangtukeun karakteristik nu aya dina karya sastra.

## 1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Sakumaha nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang masalah di luhur, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan kana masalah (1) karakteristik, (2) wanoja, (3) novel, jeung (4) féminisme.

Paham ngeunaan karakteristik atawa gambaran tokoh wanoja dina téks sastra, nepi ka kiwari masih disawang salaku mahluk anu lembut, pasip, jeung sabalikna kaum lalaki salaku mahluk anu kuat, cerdas, jeung aktif ampir dominan jadi ciri dina unggal karya sastra. Figur tokoh lalaki sering némbongkeun kapunjulanana salaku tokoh utama dibandingkeun tokoh wanoja, sacara singget wanoja digambarkeun aya dina tataran darajat anu leuwih handap ti batan lalaki.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur rumusan masalah nu bakal di angkat dina panalungtikan, saperti pananya ieu di handap.

1. Kumaha struktur nu aya dina éta novel?
2. Kumaha karakteristik fisik/waruga wanoja nu aya dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis ?
3. Kumaha ciri-ciri psikis/jiwa wanoja dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis ?
4. Kumaha karakteristik wanoja salaku anggota kulawarga dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis ?

5. Kumaha karakteristik wanoja salaku anggota masarakat dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan nu judulna “Karakteristik Wanoja dina Novel *Kembang-kembang Petingan* karangan Holisoh.M.E.” nya éta pikeun ngadéskripsikeun hal ieu dihandap.

1. Struktur nu aya dina éta novel.
2. Karakteristik fisik/waruga wanoja nu aya dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis.
3. Karakteristik psikis/jiwa wanoja dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis.
4. Karakteristik wanoja salaku anggota kulawarga dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis.
5. Karakteristik wanoja salaku anggota masarakat dina novel *Kembang-kembang Petingan* dumasar pamarekan kritik sastra feminis.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sababaraha mangpaat nu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan:

1. sacara akademis panalungtik meunangkeun pangaweruh ngeunaan tata cara ngalarapkeun kritik sastra feminis;
2. mikanyaho gambaran karakteristik wanoja dina novel *Kembang-kembang Petingan*;

3. nambahan kabeungharan hasanah sastra Sunda sarta bisa dijadikeun bahan acuan kamekaran karya sastra Sunda dina widang kritik sastra; jeung
4. pikeun dunya atikan, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif (pangdeudeul) bahan pangajaran sastra di sakola, nya éta ngeunaan unsur intinsik, hususna karakter wanoja.

### **1.5 Wangenan Operasional**

Judul panalungtikan ieu nya éta “Karakteristik Wanoja dina novel *Kembang-kembang Petingan* karangan Holisoh M.E”. Dumasar kana éta judul, aya sababaraha istilah nu kudu diécéskeun pikeun nyingkahan bédana persépsi atawa pamadegan.

#### **1.5.1 Karakteristik Wanoja**

Karakteristik wanoja nu dimaksud di dieu nya éta luyu jeung pamadegan Kurniawati (2006:6) nétélakeun karakteristik nya éta watek atawa sipat has nu di pibanda ku hiji individu nu kagambarkeun tina omongan atawa paripolah.

#### **1.5.2 Novél Kembang-kembang Petingan**

Novél mangrupa prosa rékaan anu rélatif ngawujud lalakon, umumna panjang sarta galur caritana ngarancabang. Panalungtik milih novél “*Kembang-kembang Petingan*” keur bahan panalungtikan nu judulna “Karakteristik Wanoja dina Novél “*Kembang-kembang Petingan*” Karangan Holisoh M.E., ngandung tujuan sangkan mikanyaho gambaran kaayaan karakteristik wanoja nu aya dina ieu novél. Maca tur



nalungtik novél “*Kembang-kembang Petingan*” urang bakal leuwih apal kana kanyataan hirup nu bisa jadi béda pisan tina kahirupan urang sapopoé. Holisoh M.E geus suksés ngagambarkeun sapotong kahirupan nu ngajak kanu macana sangkan leuwih ngama’lum kana kahirupan batin jalma-jalma anu disebut runtah atawa rereged masarakat.

### **1.5.3 Féminis**

Idéologi kabébasan wanoja dina nangtukeun pilihan atawa jalan hirupna anu didadasaran ku ayana pakta yén wanoja ngarandapan kateuadilan nu disababkeun ku jenis kelamin dina sagala widang kahirupan.

### **1.6 Tatapakan téori**

Téori- téori nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngarujuk kana buku, di antarana waé *Téori, Méthode, dan Téhnik Penelitian Sastra dari Strukturalisme hingga Postrukturalisme: Perspektif Wacana Narasi* (Ratna, 2004); *Prosedur Penelitian : Suatu Pendekatan Praktek* (Arikunto, 2002); *Sosiologi Sastra : Sebuah Pengantar Ringkas* (Damono, 1979); *Kritik Sastra* (Semi, 1968); *Kritik Sastra Féminis : Sebuah Pengantar* (Djajanegara, 2000); *Kritik Sastra Féminis: Teori dan Aplikasinya. Yogyakarta: Pustaka Pelajar* (Sugihastuti & Suharto, 2002); *Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan Bahasa* (Suyatna, 1994).